КЕҢЕСБАЙ АЙМАНОВ

# КИШКЕНЕ САЗЕНДЕ

*Қосықлар ҳәм поэма*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“
1986

www.ziyouz.com kutubxonasi

84 Карак
А 39

**Айманов К. Кишкене сазенде:** Қосықлар ҳәм поэма. —Нөкис, „Қарақалпақстан", 1986. —68 б.

Марҳум жас шайыр Кеңесбай Аймановтың бул қосықлар топламында балаларымыздың турмысы қызықлы сүўретленеди. Қосықлардың тили жеңил ҳәм олар жас китап оқыўшыларына жақсы ой салады.

Р е ц е н з е н т л е р: **Б. Кәлимбетов,**
**Т. Жумабаев,**
**Х Сапаров**

А $\frac{4803010200-088}{М-357(04)-86}$ 43—86

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1986

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЛ ЛЕНИН ЕДИ...

—Жерсизге жер,
Аш болғанға нан,
Кәмбағалға
Кийим-кеншек ҳәм,
Октябрьде берген ким еди?
Изине журт ерген ким еди?
—Ол Ленин еди ...
—Көрседағы қанша қысыўмет,
Бийик әрман ҳәм бийик нийет
Оны бәрҳа алға баслады,
Қыйынлықты жеңди, саспады!
Тәлим алған Маркс бабадан,
Ол Ленин еди, бизиң жанажан!
Зулымлыққа жаны қас болып,
Пролетариатқа өзи бас болып,
Қарсы шыққан ески дүзимге,
Он жетинши жылдың гүзинде
Әжайып бир заман орнатқан,
Езилгенди сөйтип шағлатқан,
Билсеңизлер айтың, ким еди?
—Ол Ленин еди ...
Өткен сайын зымырап жыллар,
ЛЕНИН аты бәлентте жаңлар,
Мектептеги ҳәр бир жас әўлад
Иске өзин ленинше шыңлар,
Айдын жолға баслаған елди,
Ол Ленин еди ...

## ЎАТАН

Қәдем қойса өзге топыраққа,
Сағынбас па елатын адам,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеткен сайын қанша жыраққа,
Көзлериме сүрмесең, Ўатан!

Көринислер бийлеп өзимди,
Аймалады жүзимди фонтан,
Ядқа алдым бирақ өзиңди,
Түслериме сен ендиң, Ўатан!

Сансыз гүллер толды қушаққа,
Сулыўлыққа болдым бийҳуш ҳәм,
Ойым орта еди, сол ўақта,
Көз алдымда сен турдың, Ўатан!

Жаўын алды бул көзгенемниң,
Талай қала ҳәм талай мәкан,
Қыялымда сени изледим,
Лекин, бәрҳа сүйикли Ўатан!

Өзгелерди билмедим, бирақ,
Маған аўыр сенсиз жасамақ,
Мениң ушын „Мысыр шәҳрисең",
Киндик қаным тамған топырақ!

## МЕНИҢ ДАЎЫСЫМ

Мен даўыс беремен тынышлық ушын,
Дүньяда әдиллик, дурыслық ушын,
Мен даўыс беремен урысқа қарсы,
Аспанымның бултсыз турысы ушын.

Мен даўыс беремен мәпине көптиң,
Бомбаның орнына шығыўына топтың,
Урыс қумарлардың үстинен дәрҳал
Басланыўы ушын балалық судтың!

Мен даўыс беремен зорлыққа қарсы,
Теңсизликке қарсы, хорлыққа қарсы,
Адамларды ақ, қара деп айырыў
Мениң пикириме келеди қайшы!

Мен даўыс беремен дослықты жақлап,
Барыс—келис, ўақтыхошлықты жақлап,
Қәлемеймен, бирақ, ата-баланың,
Айрылып бир-биринен, жылаўын, жоқлап! ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЕҢЕЎ

Муғаллим өткенде „Ўатан“ темасын,
Жағымды таяныш, ойларға талып,
Ўатан деп билгенмен шексиз, даласын,
Теңизин, тоғайын, таўларын алып!

Ўатан деп билгенмен тағыда өзим,
Ең арқа полюсин музлық дүньясын,
Кеўлимде оянып муқаддес сезим,
Ўатан деп түсиндим көктиң қуяшын!

Жанға ләззет берген шийрин мийўасы,
Ўатанға теңедим жасыл бағларын,
Тасқын дәрья, булақларын, қулласы,
Шөллеринде жуўырысқан аңларын!

Бирақ соң түсиндим шын мәнисинде,
Теңеў излегенимди оған алыстан,
Тар соқпақтан алып келер үйиме
Басланады екен жанажан Ўатан!

## ТИЛЕК

Өмир – тиси дегерштиктиң зырлаған,
Оны асығыс жолаўшыға усаттым.
Күни кеше армияға мен барсам,
Бүгин туңғышымды оған узаттым.

Неге тунжырайын, қайта кеўлим хош,
Балам—нарым қосылды деп қатарға.
Анасы, биймәни ойдан сен де кеш,
Қайта күл, улымыз шықса сапарға!

Кеўиллер жәм болар, ҳәмде алаңсыз,
Улым, тақ турсаңыз қорғап елимди,
Бул бахытты биз гүресип алғанбыз,
Умытпағыл буны, берк буў белиңди!

Базда кирпик қақпай узақ таңларға,
Гүзетте турғанда жүрме гүрсинип,
Ўатан исеними ҳәр бир жас жанға,
Мәниси кең, уллы, бийик түсиник!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Каншама шәўкет ол—жаўынгерлик жол,
Мәртебе ол саған, мендей атаңа,
Тилегим тынышлық, кетсең аман бол,
Шексиз сүйип, хызмет исле Ўатанға!

## МӘНЗИЛГЕ АТЛАНДЫМ

Сапарға атландым бүгин, досларым,
Мәнзилге жетиўге болып талабан,
Алысларға басла мени, соқпағым,
Бахтымды излеп жолға шыққан баламан!

Исенер ме маған мына аламан,
Изге қайтпаслыққа бекингениме?!
Жоллар айрығында ойға таламан,
Талай көштен қалып өкингениме!

Тағы изде қалыўдан шоршып жүрегим,
Асығып-үсигип шыққанман жолға,
Керек қыйынлыққа бардаш бериўим,
Жолаўшы үмити ҳәр қашан жолда!

Өмир—мисли кеме, бизди шайқаған,
Тәўекелши де көп өзимдей онда.
Журт қатарлы белди буўып шыққанман,
Ығбалым өмирдиң толқынларында ...

## ИНСАН МИЙНЕТИ

Талай қала көрдим шығып сапарға,
Қыялды бәнт еткен ҳүсни—келбети,
Қайсы жерде өмир қызса-қайнаса,
Онда бар инсанның тери, мийнети!

Базда тар көринип қалам—мәканым,
Шексиз далаларды гезип кетемен,
Ырғалған дақыллар, толқып жас жаным,
Инсан мийнетине тәжим етемен!

Қәҳәрли полюс пе, даңқлы космос па,
Бәриниң ийеси өзиңсең — АДАМ!
Әлҳаббиз Сиздеги бәлент ықласқа,
Заман Фарҳадысыз, саў болың мудам!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘРМАНЛАРЫМ

Үлкен әжағама усап,
Кийимимди таза услап,
Кийип жүрсем кир жуқтырмай,
Ата-анам ашар қушақ.

Устаз сөзи тур ядымда:
—Әдеп сақла журт алдында!
Ҳүрметлеп өзимди сонда,
Ата-анам ашар қушақ.

Аз сөйлесем, көп тыңласам,
Гежирлик етип турмасам,
Жақсы-жаманды аңласам,
Ата-анам ашар қушақ.

Достың қайғысын бөлиссем,
Жәрдем берип, көмеклессем,
Жақсы бала болып өссем,
Ата-анам ашар қушақ.



Жаман исти етпей пеше,
Таяр турсам мийнет десе,
Күтсем сыйлап қонақ келсе,
Ата-анам ашар қушақ.

Үлги алып „бағманымнан",
Жақсы оқысам сабағымнан,
Жәрдемлессем бос ўағымда,
Ата-анам ашар қушақ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынышлық ушын бет бурсаң,
Урыс, десе, қарсы турсам.
Пайдалы иске қол урсам,
Ата-анам ашар қушақ.

## УЛЛЫ СӨЗ

Берип тур жора, десе де,
Сөзине кулақ аспадым.
Түр қәлемди қызғаныпп,
Сумкама тығып таслады м.

Халмурат пенен усылай
Дослығымыз суўысты,
Жорам еди Генжебай,
Оның менен урыстым.

Кейисимиздиң ең басы,
Басланды қол тобынан,
Жалынса да, қулласы
Услатпадым мен оған.

Досларымның бири еди,
Ғәний менен де „хошластым".
Басы ойын, сонында
Төбелестим, мушластым...

Жатып емлеўханада,
Ойладым дослық қәдирин,
„Келер еди-аў изимнен,
Болғанда олар, қәдирим"!

Деп койкамда жатырып,
Сәл буйығып кетиппен.
Дослар жоқ деп, өзимше
Куры гийне етиппен:

Халмурат, Ғәний, Генжебай
Бас ушымда күлип тур,
Зуҳра, Зийнеп, Әсенбай
Қапталыма келип тур.

Секирип турып орнымнан,
—Кеширин,—дей бериппен.



www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билдим, дослық—уллы сөз,
Қатқан музды ериткен...

## СӘЛЕМНАМА

Аллияр атамның туўған жеринен,
„Қарабуға“ атлы даңқлы елимнен,
„Сары алтын“ ырғалған маңлай теринен,
Қутлы мәканымнан сәлем-ассалам!

Тынышлық кусына толса аспаным,
Қуўаныштан толқынлайды жас жаным,
Таўдай үйген табыслардың аскарын,
Бирликли халқымнан сәлем-ассалам!

Қосықлар байрамы—бахыт байрамы,
Талантлар жарысы—дослық сайраны.
Қолымызда Октябрьдиң байрағы,
Бахтияр жаслардан сәлем-ассалам!

Билимниң бағында еркин сайраған,
Ана мектеп кушағында жайнаған,
Жүрегинде жигер оты қайнаған.
Мийнеткеш ул-қыздан сәлем-ассалам.

Басымда ығбалым, дәўлетим тасқан,
Ленин әўладыман, әжайып жаспан,
Кремль-келешек нурларын шашқан,
Лениншил жаслардан сәлем-ассалам!

Қосықлар байрамы—дослық байрамы,
Жаслығым қырмызы гүлдей жайнады,
Қолымызда ленинизм байрағы,
Қараөзегимнен сәлем-ассалам!...

## АНАМЫЗ БАР ҚАҲАРМАН

Анамыз бизиң қаҳарман;
Он баланы өсирген.
Бизлер ушын басынан
Көп қыйыншылық кеширген.

Анамыз бизиң қаҳарман,
Мақтаныўға ҳақы бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үлги аламыз биз оннан;
Сөзлеринен пал тамар.

Анамыз бизиң қаҳарман,
Кәсиби устаз-педагог,
Ушырған оның уядан,
Шәкиртлери жүдә көп.

Анамыз бизиң қаҳарман,
Өңирин орден безеген,
Ол жасайды шад мудам,
Бизиң күлкимиз бенен!

Анамыз бизиң қаҳарман,
Меҳир тасқан бойында,
Бир биз емес, жәҳанның...
Тәшўиши жасар ойында!...

## ШЫҒАМЫЗ ЕКЩЕМБИЛИККЕ

Ҳәр бир жылдың даңқы бийик,
Табысларды келер үйип,
Шыныктың мийнетти сүйип,
Шығамыз екшембиликке,

Қолымызда бел ҳәм нәлше,
Ис өнеди ҳәмме келсе,
Ел хызмети бул ҳәмийше,
Шығамыз екшембиликке.

Ленин бабам тийкар салған,
Жасдармыз биз үлги алған,
Гүл Ўатанды сүйип жаннан,
Шығамыз екшембиликке.

Салма қазып, ектик терек.
Жақсы истен бул да дәрек,
Ислегим келер көбирек,
Шыққанда екшембиликке.

Қурылысқа ерте келип,
Гербиш тасып, жәрдем берип,
Аўылымыздың көркине көрик
Қосамыз екшембиликте.



www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Диярымыз болар абад,
Дийханға болсақ қол-қанат,
Пәтимизге қосылар пәт,
Шықсақ биз, екшембиликке.

Салы атыздан масақ жыйсақ,
Еккен нәлшеге суў қуйсақ,
Питпей ис қалмас жумылсақ,
Шығамыз екшембиликке.

## КАРТА АЛДЫНДА

Теманы сөйлесе де,
Иркилмей, бирақ,
Картаға келгенде
Састы, албырап!

Санаатлы қала—
Ивановaны
Излесе де қанша,
Таба алмады!

Балалар күлисти,
—Билмейди ғой, ҳаў?
—Қайсы материкте
„Урал" деген таў?

Муғаллим өзинен
Тағы сорады,
Ол үнсиз, көзинен
Жас жылтырады...

Ислеспей карта менен,
Теманы билип,
Келгенине ишинен
Турды өкинип!

Муғаллим „4" қойды,
Тәселле берип,
—Үйрен,—деп,—картаны
Зейниңди бөлип!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САЛЫКЕШЛЕР

Тыным билмес,
Терин төгип,
Тухым емес,
Меҳрин сеўип!

Мийнет етер салыкешлер,
Зийнет етер салыкешлер!

Тебен киби
Бөртсе салы,
Сууўдың үстин,
Жапса ғалы.

Мәртке усар салыкешлер,
Қуўанысар салыкешлер!

Дәстурханға
Ҳәмме шерик,
Өз ўақтында
Сууўын берип,

Ылғал урған салыкешлер,
Таңнан турған салыкешлер;

Салыға да,
Күтим керек,
Муҳаббат та,
Пүтин керек!

Буны билген салыкешлер,
Зейни илген, салыкешлер!

Он еки ай
Хызмет еткен,
Даўрығың ай,
Көпке кеткен!

Ҳарман, дийхан салыкешлер,
„Алтын" жыйған салыкешлер!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕКИ КҮНДЕЛИК

Бири орын алса,
Бәрҳа сумкамнан,
Бири түспес ҳасла
Қойын қалтамнан.

Бири—тәрезиси
Билимлеримниң,
Бири—„шежиреси“
Ҳәр бир күнимниң!

Мысал „еринбеген
Етикшилердей“,
Екеўин де сүйемен,
Қәдирлеп бирдей!

Тәбиятты бақлап,
Жазсам бирине,
Алған баҳам жайнап
Турар биринде!

## ҚУРДАСЛАР

Қурдасы менен Клара,
Күнде, гейде күн ара,
Жайлаў бетке барады,
Узақ емес ол ара!

Клараның атасы
Ең үлгили падашы,
Баспақларға гилең жас,
Толы шарўа падасы.

Қурдасы менен Клара,
Бөлисип исти өз-ара,
Шопанға жәрдем бергенде,
Ата болар дым ырза.

Жап-жас, сулыў түрлери,
Бойында жоқ минлери,
Семиз, баққы бузаўлар
Жылтырасқан жүнлери!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызларды көрсе шабысар,
Дослар сөйтип табысар,
Оларды күтер еки жас,
Көбейсин деп, табыслар.

## ӨЖЕТЛИК

„Басқара алмайды,
Болса да үлкен".
Мысқылы батты
Баллардың күлген.

Тутып өжетлигим,
— Айдайман-дедим.
Таяр велосипедим,
Үстине миндим.

Педалын басқаным,
Зықғыды, кетти.
Жүрмей-ақ еки адым,
„Дәкең" гүмп етти...

Қарасам жатырман,
Аўнап топыраққа,
Сеслер „ўа-ҳа-ҳа-лаған"
Келер қулаққа!

Мақтаншақлығыма,
Пушайман еттим,
Өкпелеп балларға,
Үйиме кеттим...

Билмес ем айдаўды
Велосипедти.
Қоңысымның баласы
Маған үйретти...

Адамда болмаса,
Егер шеберлик,
Бермес екен пайда
Мәзи өжетлик!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИТАП

Оқысам егер китапты,
Бәлентте турған туўдайман.
Оқысам китапгы,
Ақпай қалған суўдайман!

Оқысам ҳәр күн китапты,
Мәрдана адым атлайман,
Оқымасам китапты,
Жыртылған, ески хаттайман!

Оқыған сайын китапты,
Сезимимди қайрайман,
Оқымасам китапты,
Суў көрмей-ақ жаўрайман!

Оқысам мен китапты,
Пикири терең жандайман,
Оқымасам китапты,
Қуры тилди жалдайман.

Көп оқысам китапты,
Журт сүйсинген жайдайман,
Кем оқысам китапты,
Жузин булт басқан айдайман.

Көп оқысам китапты,
Таң нурындай тарайман,
Кем окысам китапты,
Гүдиксиреп, көпке қарайман!

Оқысам егер китапты,
Соқпағым кайда, табарман.
Оқымасам китапты,
Жалтаңлап изге шабарман!

Көп оқысам китапты,
Қушақ ашар келешек,
Кем оқысам китапты,
Боламан жалқаў, ериншек.

Оқыған сайын китапты,
Айтың дослар, қандайман?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Окымаған күним китапты
Бир бийшара жандайман!

## АДАМЛАР

Кең пейилли адамлар
Кишипейил, төменшик.
Тар пейилли адамлар
Санар өзин төбешик.

Пейили кең адамлар
Сүрникенге күлмейди.
Пейили тар адамлар
Табысыңды күнлейди.

Пейили кең адамлар,
Аўҳалыңды сорайды.
Пейили тар адамлар
Алдыңызды орайды.

Жүреги кең адамлар
Қәлбиңизден жай алар.
Ҳаслы нәкес адамлар
Жүрегиңди жаралар.

Қәлби гөззал адамлар
Таяр турар дослыққа,
Пейили тар адамлар
Қумар болар қаслыққа!

Өзи жақсы адамның,
Көп болады жолдасы.
Дүнья параз адамның
Ойлағаны өз басы.

Кең пейилли адамлар
Миймаңға ашар қабағын.
Тар пейилли адамлар
Жасырып ишер тамағын.

Билим қуўған адамның,
Китап болар жыйғаны.
Пейили тар адамның
Таўсылмайды қыңқаңы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кең пейилли адамның
Айтқан сөзи ем болар,
Тар пейилли адамның
Гәпинде „дуз“ кем болар.

Кең пейилли адамлар.
Қанат қомлар қыяға.
Тар пейилли биреў бар,
Тойымы жоқ дүньяға,

Кең пейилли өлсе де,
Аты қалар изинде,
Тар пейилли кетеди,
Шенгел ертип изине...

## САЯРА

Саяра оқыған
Екинши „б“ да
„Искер“ атанған
Бала көп жүдә:

Керимбай-класском,
Активтиң бири,
Жумысы көп оның
Майдалы-ири!

Устаздың ең жақын
Жәрдемшиси ол.
Билер истиң парқын,
Бойда күши мол.

Шайдагүл шаққан қыз,
„Шақмақ тасындай“.
Оның менен мақтанамыз
Қысынбай!

Тазалық болғансоң,
Тазалықты сүйер,
Исинди шала қылсаң,
Қабағын үйер.

Шебер бала Омар
Сүўрет салыўға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оннан сөз сиз болар
Үлги алыўға!

Газета—ол айна,
Баллардың „көзи".
Дийўалы газетаға
Редактор өзи.

Класс айнасында
Гүллер жайнаған.
Бизиң Саяра
Жуўапкер оған.

Еки жылдан бери
Гүлшилик етер,
Көрсеңиз гүллерин
Зейниңиз кетер!

## БИЗИҢ АЎЫЛ

Анаў бизиң аўыл,
„Боз жер" ге қонған,
„Сары алтын" ға ҳәр жыл,
Телеги толған.

Таң азаннан бунда,
Өмир қайнайды,
Умтылған табысқа,
Жүзлер жайнайды.

Мийнет—бахыт, буны
Ҳәмме биледи.
Қутлықлап ығбалымды,
Қуяш күледи.

Салыкеш мәртлер көп,
Аўылымызда,
Олар шерик, елдиң
Намыс-арына.

Солардын биреўи,—
Қыз апам Қалжан.
Питкерип мектепти,
Аўылда қалған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кетсе ҳәр жақларға,
Оннан басқалар,
Ол ҳәзир аўылда,
Комбайн басқарар.

Жаслар көп, әжапа,
Маған усаған.
Мийнеттиң байрағын
Бәлент услаған.

Өз бахтын бәри де,
Мийнеттен тапқан.
Берик сөзлерине,
Зәбердес, шаққан.

Олар иске шығар,
Ҳәр күни ғалаба,
Салылар шайқалар
Жасыл далада!

Жайласқан аўылымыз,
„Боз жер" қойнына,
Келмейди, табыссыз,
Зүрәәт тойына!

Аўылым үстинде
Тағы таң атты,
Шақырып жеңиске
Барлық елатты...!

## ҮКЕМ ЖЕТИ ЖАСТА

Ертең бизиң үйде
Үлкен қуўаныш,
Барады мектепке
Үкем Қуўаныш.

Ертең бизиң үйде
Байрам болады,
Үлкен ҳәўлимизге
Мийман толады.

Саррас жети жасқа,
Шығады үкем,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мектепке мәрдана
Таслайды қәдем!

Енди ол бақшаға
Қатнаўын қояр,
Мектеп алтын уя,
Қушағын жаяр!

Қуўанышың бәрҳа,
Болсын деп пүтин,
Бердим оған саўға—
Кремль сүўретин.

Енди ол мектепке.
Қатнай баслайды,
Өмирге өзинше
Нәзер таслайды.

Мейли, Кремль—қуяш
Шуғласын шашып,
Үкем мудам болсын
Өмирге ашық!

## МЕНИҢ АТАМ

Атам етик майшы,
Жумысы „майда".
—Халқыма кәсибим
Келтирер пайда!—

Деп, өзин бәрқулла
Мәрдана тутар.
Өз исине пуқта,
Ўақыттан утар.

—Етикши болалмас,—
Дейди, еринген.
Өзинде зор ықлас,
Иске берилген.

Адамлар да бәле,
Ким шебер—билер.
Үлкен де, киши де
Атама келер!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр күни атама
Мен де келемен,
Будкасын тазалаўға.
Жәрдем беремен.

## КИШКЕНЕ САЗЕНДЕ

Әрўанадай ийеди,
Ықласлыға ҳәр өнер,
Талаплының биреўи,—
Мениң үкем Алишер.

Өзи еле кишкене,
Көрип ҳайран қаласаң,
Бирақ дуўтар шерткенде
Оған ырза боласаң.

Октябрят болса да,
Үлкенлердей ойлайды,
Түсинер дуўтар сырына,
Он бармағы ойнайды.

„Сазенде бала“, лақабы,
Қуп жарасар өзине,
Музыкант болып шығады,
Үкем берик сөзине.

## КӨЗИМ ҚЫЙМАЙДЫ

Айлы ақшам даланы,
Гезгим келеди.
Тәбияттың көп сыры,
Сезгим келеди.

Нәзер салсам көкке,
Көз қысар олар.
Сырларыңыз көпке
Айтың, жулдызлар!

Усар әрманларыма,
Сырлы бағыўы.
Шақырғандай жанларына,
Қасын қағыўы.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Ҳәр кимниң бир жулдызы
Бола ма екен,
Жулдыз сырын Улуғбек.
Қалай үйренген?

Тәбияттың жумбағы.
Мени қыйнайды.
Ушып кетиуге, жерди
Көзим қыймайды!

### ЯНВАРЬ

Ҳәр жылдың басысаң,
Айлардың жасысаң,
Январь, январь,
Көркемсең, ҳасылсаң!

Қар—кийим кийинип,
Табысың үйилип,
Ҳәр жылы келгенде
Қаламыз сүйсинип!

Январь, январь,
Әжайып сәниң бар,
Жайнаған ёлкасан,
Сағынған балалар!

Сен нурлы мереке,
Дарытқан берекет.
Январь, ҳәр үйге
Қуўаныш инәм ет!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САЎҒА

—Не саўға инам етемиз,
Анамызға, байрамға?
Деп, иниси Өтемис
Сораў берди Сайранға.

Сайран айтты:—апама
Көйлек тигип беремен.
Үйрендим кружокта,
Пишип, тигип билемен.

Өтемис те Сайранға
Баянлады әрманын.
Анасына әжайып
Саўға бермек болғанын.

Полотнаға анасының
Портретин салмақ ол.
Ҳаял-қызлар байрамын
Усылай күтип алмақ, ол.

Ал үйдеги ең киши,
Нийети, ерке Гүлаштың—
Анаға инам етпекши
Сүўретин нурлы қуяштың!

## НӨКИСИМНИҢ КЕЛБЕТИ

Қурылыслар күн сайын
Ҳәўиж урар өзинде,
Туўып өскен мәканым
Көринер ысық көзиме!

Ҳәр күни бир жаңалық,
Этажлар бәлент өседи,
Миймаи келсе, таңланып,
„Сулыў қала!“ деседи.

Анаў Ленин майданы,
Сайранласаң, мәрҳамат!
Бабамыздың дийдары
Қурар онда салтанат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүзиў, сулыў көшелер
Зейининди ашады.
Гүлзарлықлар, тереклер
Жупар ийисин шашады.

Иниси гөззал Ташкенттиң,
Ығбалы күлген қаласаң,
Түркына көркем Нөкистиң
Қарағым келер карасам!

## ШӘЎКИЛДЕДИ ЖҮРЕГИМ

—Бузыпты радионы
Үкелериң, Маратжан.
Қалай болар, сен оны
Мастер таўып оңлатсаң?!—

Деди анам өзиме,
Окыўдан жаңа келгеним,
Үкелерим отыр бир шетте,
Айыбын демек, билгени...

Үйде апам жоқ гезде
Болғанын билип бул истиң,
Пальтомды тез шештим де
Жумысқа қызғын киристим...

Шек бар ма шадлық дегенде,
Радиом сөйлей баслады.
Мийзамкеш үкилерим де
Айланшықлай баслады.

Исенбей турған апам да
Жуўырып келди „өйппей" деп.
Табысымнан туңғыш бул
Жүрегим соқты шәўкилдеп...

## КҮШ ҚОСЫЛАР КҮШИМЕ

Имарат салып тазадан,
Тиккеним нәлше алдына,
Өтсе де бес жыл арадан,
Еле мениң ядымда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тиккен нәлшем ержетип,
Нәрўан болды саялы,
Бәҳәрде жарып бүртик,
Жазда жапырақ жаяды.

Күн түспейди астына,
Көрген айтар: „салқын жай“.
Ҳәтте шыжғырған ыссы да
Кәр етпес оған ҳеш қандай!

Узақтан самал шақырып,
Жапырақлары сылдырар,
Қарай қойсам алыстан
Думан киби булдырар...

Пайызлы жерде дем алсам,
Күш қосылар күшиме.
„Мийнет түби рәҳәт“
Мақал түсер есиме.

## БИР ҒАРРЫ БАР...

Бир ғарры бар аўылда,
Аппақ шашы, сақалы,
Ҳәмме сүйип ҳүрметлер,
„Ақсақал“ деп атаны.

Бир ғарры бар аўылда,
Еки өмирге жүзлескен,
Картайса да ол сонша,
Ана жерге тиллескен.

Бир ғарры бар аўылда,
Еки урысқа қатнасқан,
Өмир жолы ертектей,
Тыңлағанға бир дәстан!

Саў болың әзийз аталар,
Шежиресиз бизлерге,
Теберик ат ақсақал,
Жарасады сизлерге!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕЛГИЛЕР СӨЙЛЕГЕНДЕ...

### 1. Үндеў белгиси:

— Мен үндеў белгисимен,
Бәлентти гөзлеймен,
Сүренди сүйемен,
Пәсликке төзбеймен.

Гәплерде келемен
Жалынды, лапызлы.
Айтылған жүректен
Сөзлерде маңызлы.

„Жасасын нәресте!
Тынышлық жасасын!
Мынаў гүл өмирде
Урыс ҳеш болмасын!“

Усындай сөзлердиң,
Келемен изинде,
Белгиниң биримен,
Шадлық бар жүзинде.

### 2. Сораў белгиси

— Мен сораў белгисимен,
Салыўға қайымман,
Инсанлар сөйлессе,
Жәрдемге тайынман!

Геўдемди балалар
Усатар орақка,
Гәплерде жазылар,
Белгимен, бирақта.

Муғаллим сабағын
Сораў гәптен баслайды.
—Дежурный бүгин ким?—
Деп, сораў таслайды.

Гәплердиң соңында
Турaман ийиктей,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аяғым бир точка,
Ал басым бийикте.

Қай гәпте керекпен,
Жазғанда умытпаң!
Жалқаўлықты ҳешқашан
Бойыңызға жуўытпаң!

## 3. Точка:

— Балалар, белгиниң
Мен де бири боламан.
Тамамланған гәплердиң
Изинде тураман.

Жазсаңыз, гәп питсе
Қойыўды умытпаң!
Шалағайлық етпесең,
Өзиңе шын доспан!

Тилегим сизлерден:
Орынлы қолланың!
Қай жерде керекпен,
Диктантта ойланың!

## 4. Кавычка:

— Иркилис белгиниң
Мен де бири боламан,
Жалқаўды, билгишти
Айыра аламан.

Гә баста, гә изде,
Ортада да тураман:
Өзгениң сөзлерин
Қыспаққа аламан.

Пикирин басқаның
Тураман баянлап,
Оқыўшыға айтарым;
Қағыйдамды ал ядлап!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәммеси:

— Ҳәр гәпти мазмунлы
Қурыўға үйрениң.
Жақсы оқың, әндамлы.
Нәсиятымыз бизлердиң!

## СЫНАҚ

— Бес палапан уяда,
Бесеўи ушты қыяға,
Нешеў болар ҳәммеси,
Шешип бер, қәне, Зыяда?

Зыяда сонда күлимлеп,
Бармақларын биримлеп,
Санады да:— он,—деди,—
Жүрсең бе соны қыйын деп?

—Қармақ қурған бес бала,
Қосылды тағы үш бала,
Шомылып атыр төртеўи,
Барлығы қанша дос бала?!

Бармақларын санады,
Жетпей ҳайран қалады,
Табалмады.—Төртеўи
Қалайша дос болады?—

Деп сол жерде Зыяда
Жеңилгенин жасырды,
—Усы да сынақ болып па,—
Деп уялтты Насырды...

## ҮЛЕСИМ БАР

Ҳүрметленип, халқымда
„Ақ алтын" деп, мақталар,
Аппақ қардай, атызда
Ашылыпты пахталар!

Ана жерге тиллескен,
Бул аталар мийнети,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийнет пенен беллескен,
Бул ағалар зийнети.

Табысында халкымнын,
Бар апалар хызмети,
Қудиретинен инсаннын,
Гүл-гүл дөнер Жер бети!

Ҳәр ханада жайнаған
Үлесим бар мениң де,
Шашылғанын жыйнасам,
Ол да пайда елиме!

## ОҚЫУШЫЛАР ҚӘДЕСИ

Илиўли тур класста,
Оқыўшылар кәдеси.
Түсиникли ҳәм кыска,
Жазылған онда ҳәммеси.

Мийнетимиз көп бизиң;
Сабақтан жаксы үлгериў,
Тарыққанда досларың,
Жәрдемлесип, қол бериў.

Мектептен тыс жерде де
Тута билиў өзиңди.
Ҳүрметлисен ҳәммеге
Туўры айтсаң сөзинди.

„Мийнетти жастан сүйиңиз!"
Деп жазылған кәде де.
Басшылыққа аламыз
Оны ҳәр бир кәдемде!

## ГҮЗ СҮЎРЕТИ

Сары ирең-белгиси гүздиң,
Сарғыш тартты әтирап.
Жапырақлары теректин
Түсип атыр саўдырап.

Сыйдамланған дарақлар
Аўыр сезим куйғандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйилген сары жапырақлар
Теңгелерди жыйғандай.

Өзинше бир сулыўлық
Сезимимди түрткишлер,
Сары гилемин жайып
Әлўан дөнер Ана Жер.

Мен сақый гүз ҳаққында,
Турсам шүмип қыялға,
Көзим түсти ҳаўада
Дизилискен көп тырнаға...

### СҮЎРЕТШИ

—Тәбият ана ең шебер,
Әлемге белли художник.
Инанбасаң қарап көр,
Әйнекке көз жиберип.—

Деп, иниме силтедим,
Үй айнасын, азанда
Тәбият қыраў-сүўреттиң
Ҳәр түрин салыпты оған.

Адам ба, жай ма, терек пе,
Түрли нағыс қарасаң.
Ҳайран қалған иним де:
— Сүўретши,—деди,—орасан!

### ГҮБЕЛЕК ҲӘМ БАЛА

—Гүлден гүлге қонасаң,
Күн ызғырса тоңасаң,
Гүбелек-аў, гүбелек,
Болмас па еди, дем алсаң?!

— Уйқылаўға түнде жетеди,
Жаз тезден өтип кетеди,
Мен болмасам гүллерге
Ким бағманлық етеди?!

— Мен ғамхорлық етемен,
Суўғараман, күтемен,



www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Араласам гүлзарды,
Гүлдей жайнап кетемен.

— Меҳир қойған гүллерге,
Алғыс жаўсын сизлерге,
Өзлериң де „гүллерсиз",
Заўық берген өмирге!

**АҚ ҚАР, АППАҚ ҚАР**

Гүзди артқа ысырып,
Келди мине қыс кирип,
Әйнегимди қағады,
Далада боран ысқырып...

Бир, еки, үш,
Салып күш,
Жыйналып гил бала,
Соғамыз қар баба!

Қызық көп қыста балаға,
„Жап енер" енди шанаға
Ҳәмме жақ ақ қар, аппақ қар,
Шығамыз қарға, далаға.

Бир, еки, үш,
Салып күш,
Дүзеттик сырғанақ,
Ҳәз еттик сырғанап,

Майданда күтсе тамаша,
Ким қалар үйде оңаша,
Ойнап жүрмиз, ақ қардан
Көзлеримиз қамаса.

Бир, еки, үш,
Муз тегис,
Дәрҳал шек таслаймыз,
Хоккейди баслаймыз.

Ҳәмме жақ аппақ, ақ төсек,
Қәуипсиз аяз, кийинсек.
Көп бала жүр екен,
Айдынға биз келсек!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир, еки, үш,
Муз тегис,
Коньки тептик, ойнадық,
Тоңғанша қоймадық.

Көп жаўса аппақ қар,
Дийханлар қуўанар,
Мисли ақ шағала,
Далалар, далалар!

Бир, еки, үш,
Муз тегис,
Сырғанап, жығылдық,
От жағып жылындық,

Қызарса жүзлерим,
Күлимлер көзлерим,
Күттик биз қанша ма,
Қарлы қыс күнлерин!

Бир, еки, үш,
Муз тегис.
Зырлайды шанамыз,
Кеўилли баламыз.

Ақ аспан-ақ елек,
Қар—унды тур елеп,
Төбеме қонады
Гил аппақ гүбелек!

Бир, еки, үш,
Мисли қус,
Айдында ушамыз,
Шадлықты қушамыз!

Жаўа бер уйтқып, дөңгелеп,
Ақ қарым, орнын бир бөлек.
Қуўанта бер бизлерди,
Қонақ болып ҳәр жыл кеп.

Бир, еки, үш,
Сәлем, қыс!
Кеўилли мәўсим бул,
Урра, келди каникул!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## „КЛАСС АТЛАЎ“

Сызып достым үш сызық:
Байлады беккем көзимди,
Аңсат па „класс атламақ,
Беккем туттым өзимди.

Көз таныўлы, ҳәккелеп
„Финишке“ келип жеттим мен.
Сызықты баспай, секирип
„Төртинши“ ге өттим мен!

## РЕЖИМ

—Таярлығың шала,—деп
Муғаллим басын шайқады;
—Режим сенде бар ма,—деп,
Шамамды мениң байқады.

Таслай сала сумкамды,
Кеткенмен кеше көп ойнап,
Яки усы қылўамды.
Тур ма екен устаз абайлап.

Келе сала мектептен,
Өзимше ис басладым.
Бөлистирип ўақтымды
Режим дүзип тасладым!

Режимде бар бәри:
Ерте турыў, жуўыныў,
Денсаўлыққа пайдалы,
Таза ҳаўа, жуўырыў.

Режимде тағы бар,
Таярланыў сабаққа,
Жақпас екен әттең ол,
Жалқаў менен салаққа.

Режим менен ис етиў
Пайдалы екен балаға.
Үйрендим орын бермеўди
Исимде мен шалаға!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КИМ ЖЕГЕН

—Айтшы, мама, үкеме
Урыспайсаң сен неге?
—Қалай оған кейийин,
Үкең еле кишкене?!

Яки үкең мен жоқта,
Бир жақпас ис қылды ма,
Кеткенимде жумысқа,
Вазадан гүл жулды ма?!

—Апа, айтсам мен саған,
Үкем тортты жеп қойды,
Тийме десем, „мамочкам
Бақырмайды“ деп, қойды!

—Ҳаў, кишкене Азатжан
Қалай ашқан буфетти?
—Апа, саған мен айтсам
Оны пышық үйретти...

## БАЛАСЫНЫҢ ЖУЎАБЫ

—Қайсыңыз сүт ишесиз?
—Мен, апа!
—Мүмкин шоколад жерсиз?
—Мен, апа!
—Музлатқышта қаймаққа
    Ким құмар?
—Мен, апа!
—Мармелад бар буфетте,
    Ким жейди?
—Мен жейин!
—Үй жумысын ислейди
    Ким кейин?
—Әжапам!

## „ПАЙҒАЗЫ“

Дайымның улы Алғазы,
Сорап келди „пайғазы“.
Қызық, нәресте деген,
Ағасы көйлек әкелген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пул узаттым, алмады,
Қалтасына салмады,
—Көйлегим жаксы, ақ,—дейди,
„Конфет же“ десем, як дейди.

Қант берсем басын шайкайды,
Не керек, ашып айтпайды!

Семечканы, жийдени,
Бар нәрсени үйдеги
„Ал“ деп берип атырман,
Жалынып көрип атырман.

Хеш биреўин алмай тур,
Мәгар кеўли толмай тур!

—Тымсыраймай, айт енди,
Ағаң не деп жиберди?
Деди сонда ол маған:
—Тек „пайғазы“ аламан!

Билесиз бе, балалар, "
„Пайғазысы“ не болар?
Дайымның улы Алғазы
Сорап келди пайғазы...

## ЕГИЗЕК

Юсип ҳәм Ахмет.
Бирге турады,
Мектепке де бирге
Қәдем урады.

Айырма олардың
Минезлеринде:
Ахмет дым сабырлы
Сабақ гезинде.

Устаз түсиндирсе,
Тыныш отырар,
Көрсең күнделигинде
Бәрҳа „5“ турар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Юсипти көрсеңиз,
Минези қызық:
Мырсылдар, орынсыз
Сабақты бузып.

Күлкиге жалғасар
Ҳәр айтқан сөзи,
Зорға үлгерип жүр
Оқыўдан өзи.

Болса да екеўи
Олар егизек,
Иси, минез-қулқы
Усамас, бөлек!

## „ПЫШЫҚ ТЫШҚАН"

—Оңғарбай, ҳә, Оңғарбай,
Отырсаң неге ойнамай,
Анаў жүрген балларды,
Турсаң ба я аңғармай?

—Ойынға мени қоспайды,—
Деди ол нусқап Ешбайды,—
„Пышық-тышқан" ойнасақ,
„Пышық"қа сайлар Көшбайды.

„Тышқан, тышқан" деп,
Балалар күлер ермеклеп...
Оңғарбайдың әрманы—
„Пышық" болыў екен тек...

## ЖАҒДАЙПАЗ БАЛА

Оқыўдан қалыўға
Әйтеўир бәне көп:
Келеди устазға,
—Үкемди бақтым,—деп.

—Аўырып қалдым,—дер,
Сорасаң бир күни,
Мүләйимсип сөйленер,
Тыңласаң күлкили.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумсаған дуканға,
Бир сапар анасы,
Тепериш сылтаўға,
Гәпимниң ырасы!

Класста усындай,
Жағдайпаз Нурым бар,
Досларынан кысынбай,
Сабақтан қырынлар.

Дурыс па, Нурымның,
Есабын таптым „деп"
Өзиниң қымбат дым,
Жүргени ўақтын „жеп"!

## НАЎҚАСЛЫҚ

Жүрсем женил кийинип,
Апам сөйлер күйинип:
—Аязлап жатып қаларсаң,
Бәлеге бизди саларсаң!

Ерте турып жуўырдым,
Муздай суўға жуўындым,
Ағам келип бақырды,
Тәртипке мени шақырды.

Шынығыў деген жақсы дым,
Турникке келип асылдым,
—Физкультурник қаяғын,
Сынып қалар аяғын?!

Кемпир апам латлады,
Үйге әкелип „судлады".

„Қуўыршақтай" кийиндим,
Ата-анам сүйинди.
Шынығыўды таследым,
Шықпадым үйден ҳасла, дым...

Әттең, сол күннен бери
Наўқаслық тапты мени,
Ата-анам қорқып, сасып жүр,
Аптектен дәри тасып жүр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## „ДАЎ“ ДАҒЫ ДАЎ...

—Топ қағыў гезеги
Аташқа!
—Мынаў өзи не дейди,
Шатаспа!
—Сонда нәўбет кимдики,
Айт кәне?
—„Даў“ гезеги тийисли
Дәкеңе!
—Дәмесине болайын
„Дәкеңниң“!
Пай-пай,
Айт, бере ме
гезегин
Турғанбай?
Кимдики бурыс,
Кимдики дурыс,
Билмек дым қыйын
(Шешилмес түйин).
Өйткени
(Айтсеш өкпени)
„Даў“дағы даў
Усындай болады.
Шаўқымға, қыйқыўға
Көше толады.

## „ТИЛ“

—Таппай сениң тилинди,
Апаң байғус бүлинди.
Бир жыласаң қоймайсаң,
Ойыншық берсе алмайсаң?!
Айтшы, жан улым Кәрим,
Аўырып тур ма бир жериң?

Жылаўын бала қойды да,
Сол жерде қызық „ис“ етти:
—Аға, тилим мында,—деп,
Шығарып тилин көрсетти.

„Бала тили пал“ деген,
Үй иши буған күлистик.
Жылаўық Кәрим менен
Усылайынша келистик...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫЛАЎДЫҢ МӘНИСИ

Кишкене үкем Абадан
Жылап келди даладан.
—Басым кетти аўырып,—
Деп салды ол даўрық!

Апам айтты Гүлашқа:
—Хабар бер, тез врачқа!
Сонда „пышақ кескендей"
Жылаўын ол тоқтатты.
Дейди: „басым аўырмас
Жесем мен шоколадты!"

## ЖАЛҒЫЗ БАЛА

—Жалғызыма тийменлер,
—Жалғызыма бақырман,
Сүйенген кемпир апама,
Үйдеги нағыз батырман...

Ылақтырып кесени,
Төңкерсем де табақты,
Күлди шашып ошақтан
Шубалтсам да сабақты.

Кемпир апам қылўама
Бақырмай, қайта күледи:
—Қайт көкирек болмасын,
Үлкейсе өзи биледи.

Далаға шығып бир күни,
—От тийди!—деп бақырдым,
Өтирик сөйлеп усылай
Адамларды шақырдым.

Ренжиди көпшилик,
Бақырмақ болды ата-анам,
Кемпир апам шырлап жүр:
—Ерке ғой мениң бул балам!

Көк музда шалып аяқтан,
Бир баланы қулаттым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тартып алып шанасын,
Қоңсы қызды жылаттым.

—Оңбассаң сен, бала,—деп,
Апасы қыздың лаўлады,
—Балама тийип көрши,—деп,
Кемпир апам шаўлады.

Аўыр ис түссе басыма,
Ара түсер усылай,
—Тийе гөрмең балама,
Жалғызым мениң усындай.

Деп гейбир ата-аналар:
„Баламыз ерке, „шоқ“ болсын“.
Соқтырар шоқлық „әттең“ге...
Кеўлиңиз буған „тоқ“ болсын!

## СЫНАП ЕДИК...

—Бул күнде тағы баслап жүр,
Сабақтан қашыў әдетти,—
Деп газетаға жазып, бир
Сынап едик Медетти...

Соннан берли шоштыйып,
Бизлерге үйер қабағын.
Өкпелеўи дым айып,
Төккендей биреў табағын.

Дослық сынды шамасы,
Душпанлық деп ойлайды,
Қосылмайды бизлерге,
Жалғыз өзи ойнайды.

Медет жорамыз қашан
„Ақ“, „қараны“ айырар?!
Жақсы оқып сабақтан,
Аты көпке жайылар?!

## АШКӨЗЛИКТИҢ АҚЫБЕТИ

Тәнеписте өзиниң
Аш болғанын аңғарды,



www.ziyouz.com kutubxonasi




www.ziyouz.com kutubxona

Жоқлығын билип ҳеш кимниң
Нәзигүл исти „оңғарды“:

Классқа кирип, Маржанның
Вафлийин урлап алды ол,
Қызығына түсип „олжаның“,
Иркилип бираз қалды ол.

Ийеси кирип келгенде
Нәзигүл қалды албырап,
Сумканы жаба алмай бирден
Таппады ҳеш бир жуўап...

## ШАЛАҒАЙ

—Сәрсен бала
Иси шала,—
Дейди өзин класста,
Неге булай атаған,
Билесең бе, Атахан?
—Билгенде қандай,
Бала ол сондай!
Басласа бирер ис,
Изинде сан кемис.
Питкермей таслайды,
Тазасын баслайды,
Сыйырдың сүўретин
Салыўды үйреттим.
Киристи ол қуўнақ.
Сыйыры үш аяқ...
Қоя салып оны,
Ағаш әкелип жонды,
Сокпақ болды арба,
Бир дөңгелегин зорға
Соқты да туўарды.
Дүзетпек боп дуўтарды,
Соң ғоза шаққан тийинди
Саламан деп күйинди.
Салып еди қошқарды,
Шақы умытылып қалды.
Кейинше қуска уя,
Көп нәрсе болды зая.
Салмақшы тағы бүлбилди,
Турақсыз екен, билинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Анаў Сәрсен баладай
Болагөрмен шалағай!

## „ПАРОВОЗ“

Бир бала мектепте,
„Паровоз“ деп атанған,
Жасайды бизин көшеде,
Исми оның Атажан.

Қайда жәнжел, даў болса,
Араласып жүргени.
Усайды паровозға,
Қышқырғаны, күлгени.

Коридорда, класста,
Жүргени мудам шаўқым сап,
Селтең берер басқаға,
Отырса сабақ таярлап.

Паровоздай шуўылдап,
Мурнын тартар қысынбай.
Журт қояды дурыс лақап,
Шаўқымшылға усындай!.

## ЕКИ ҮЙДИҢ БАЛАСЫ

Еки үйдиң баласы—
Еки үйдиң „данасы“.
Ҳәм татыў, ҳәм араз,
Қызығына қарашы!

Бир күни шарбақтан:
—Ойнайық, кел, шаққан!
Деп Бақый бақырды,
Шылманды шақырды.

Қолға қол алысты,
Ойнасты, шабысты.
Көп өтпей арадан,
Сәл жерде „қағысты“.

—Күшлимен мен,—деди;
—Қорқақсаң сен,—деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екиншиси муш түйип:
—Урыссаң кел,—деди.

Ким берсин намысты,
Өкпелесип дағысты,
Аз ғана ўақыттан соң
Тағы да табысты.

Қызық ғой, балалық,
Хәр пурсат „даналық"
Балалық дәўирде
Көп болар шалалық.

Еки үйдиң баласы—
Еки үйдиң „танасы".
Хәм татыў, хәм араз
Қызығына қарашы!

## БИЗИҢ КЛАСС

Класс таза, минтаздай,
Кире бериң, мәрхамат!
Қуўанды сипсекеш апай,
Болғаныма қол-қанат.

Гезекшимен мен бүгин,
Ерте келип азанда
Бәрин ислеп үлгердим.
Хәмме жақ сулыў, азада.

Хәзир қоңыраў қағылса,
Келер дослар, устазым.
Мийнетимнен кеўлим тасар,
Азаматқа уқсадым!

## ЖАҚСЫ БАХА

Жақсы баха „5" баха,
Тең келмес оған хеш баха,
Күнделигимде ол бәрха
Қуяштай жайнап турады.

Төмен баха „3" баха,
„2" ге қоңсы, „пуш" баха,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үпелектей ушпаға
Қайым болып турады.

Тапсырманы дурыс шешип,
„5“ алып ашсам есик,
Кеткендей бойым өсип,
Қыялым шарық урады.

Дәптериме „5“ түссе,
Нәзер салмасам „3“ ке.
Класстағы билгишке
Усгаз ырза болады.

Үйге барсам „5“ алып,
Ата-анам қалар қуўанып,
Не жетсин болғанға алық!
Айналам доқа толады.

### АТА МӘКАН

Қара таллар, ақ тереклер,
Булдырасқан көп тереклер,
Сени өзгеден бөлеклер,
Ата мәкан, ата мәкан.

Сағынаман алыс кетсем,
Ҳалласлайман саған жетсем,
Сыйдырған қыйқаңлық етсем,
Ата мәкан, ата мәкан.

Ойынға ықласты берип,
Ядымда, балларға ерип,
„Ақ қум“ ыңнан көсик терип
Жүргенлерим ата мәкан.

Қушақ ашқан қашан келсем,
Сонша уллы, сонша кеңсең,
Сениң менен бийик еңсем,
Ата мәкан, ата мәкан,

Сен қосығым, сүйген намам,
Жырлайын келгенше шамам,
Мәңгиликке болғыл аман,
Ата мәкан, ата мәкан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## „ТАЙЫНШАҚ“

Әперди ағам „тайыншақ“
Бойы келте, маған шақ,
Ноқтасы бар, ери бар,
Қуйрық, жалы бир қушақ.

„Асаў“ емес, жуўас дым,
Көзлери сулыў, унатгым.
Енди мен де шабандоз,
Шебери ат-ылақтың.

От та, суў да сорамас,
Киснеп маған қарамас,
Мингеним музда үстине,
Жығып кетти, „жарамас“.

Ойыншық ат болса да,
Қайсар екен соншама,
Бир орыннан табжылмас,
Журт уйқылап қалса да.

Байламай-ақ қазыққа,
Кетпес қашып жазыққа,
Көрсетер тек „өнерин“,
Үй алдында, музлықта.

Алыс еткен жақынды,
„Тайыншағым“ ақыллы,
Озып жүрмен муздағы
„Ат“ жарыста, ақыры...

## САЛАҚБАЙДЫҢ ӘДЕТИ

—Айтшы, апа, билсең сен,
Малақайым қаяқта?
—Пышығың сүйреп жүр екен,
Көрип ем жаңарақта!

—Апа, таппай турман-аў,
Ботинкам мениң қаяқта?
—Ботинкаң ба, балам-аў,
Жатыр ғой ийтаяқта...



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Апа, апа, ҳайранман,
Жойтылған ба шарфым да?
—Шарфтын, өзиң ойнаған,
Қалыпты үйдиң артында.

—Кетиўим керек мектепке,
Апа, сумкам қаяқта?
—Кеше оқыўдан келдиң де,
Бердиң үкең Саяқа.

Салақбайдың әдети,
Айтсам, дослар, усындай.
Қашанғы ол жүреди,
Көпшиликтен қысынбай...

## ЖОРАЛАРЫМ

Бир көшеде туратуғын,
Көп өзимниң жораларым,
Бирге ойын қуратуғын,
Көп өзимниң жораларым.

Бойлары да узын-келте,
Қыйлы-қыйлы жораларым,
Усаспаған минези де,
Түрли-түрли жораларым.

Азан менен ерте турар,
Гей ақыллы жораларым,
Мектебине қәдем урар,
Сезгир, аңлы жораларым.

Уйқылап, сабақтан кешиккен,
Жалқаў гейбир жораларым,
Устаздан кейис еситкен,
Албаў гейбир жораларым.

Өз исине пухта, шаққан,
Зәбердес гей жораларым,
Ата-анасына жаққан,
Иси менен жораларым.

Мийнет десе тура қашқан,
Арада бар жораларым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойынға қушағын ашқан,
Табылар гей жораларым.

Журген жери күлки, қызық,
Желдей ескен жораларым,
Базда жоралығын „бузып“,
Өкпелескен жораларым.

Балалықтың зор „базары“
Қыздырысқан жораларым,
Болдыртып ойын кешқурын,
Қылжыйысқан жораларым.

Қутлықлайман дәўраныңды,
Шағлай бериң жораларым,
Пионерлик ўазыйпаңды
Ақлай гөриң, жораларым!

## СЫРЛЫ ҲӘЙЙИЎ

Кетсем де ержетип,
Өсип бул күнде—
Анам бесик тербетип
Айтқан ҳәййиўге

Қайларда журсем де
Қулақ түремен,
Ыңылдап өзимше
Айтып журемен:

—Аппағым мениң жасында,
Жасыл қалпақ басында,
Әшекейли ақ отаў,
Ағасынынкасында.

Уйқылай ғой балам, уйқылай ғой!
Жаман бала дәрт болар,
Аппағым мениң мәрт болар,
Ағасына қусаған,
Белли азамат болар!

Уйқылай ғой, балам, уйқылай ғой!
Ойлайман,
Анамның ҳәййиўи менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

Eң жақсы қәсийетлер
Бойыма сиңген!

Тыншып, пәкизе
Уйқыласа бөбек,
Ана ҳәййиўинде
Қудирет бар, демек!

Сырлы ҳәййиўи менен
Аналар елтип,
Сирескен кеўиллерди де
Жиберер еритип...

## САБЫРЛЫЛЫҚ ҲАҚҚЫНДА

„Ашыў араз болар,
Ақыл дос болар",
Минезиңнен үлги алсын басқалар,
Ҳәр бир исте керек ақыл-парасат,
Жөнсиз патыраклап алға баспаңлар!

Айткан жалғыз сөзиң жаҳыл үстинде,
Умытпа ништер болып доска тийерин,
Гей биреў бар мәзи адам пишинде,
Сабырлы инсанлар мениң сүйерим!

Асқар таў айбатлы шоққысы менен,
Адамның бийиклиги адамыйлықта,
Адам кеўли дәрья болғаны менен,
„Бир атым насыбайдан қалар гей ўақта".

Дослар қуўанышын, байлығын, толың,
Қәдирлей бил мудам дослықтың жолын,
Адасқан, сүрниксең асырымларда,
Нағыз инсанларға созылсын қолың!

## АНАМНЫҢ ЎӘСИЯТЫ

—Дүньяда не жаман, жалғызлық жаман,
Шырағым Кеңесжан, болғайсаң аман,
„Үни шықпас деген, жалғыз ғарғаның",
Аўнасаң аўнайгөр көпшилик таман!—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп, анам айтқанда маған ўәсият,
(Онда меннен басқа болмады зүрият)
Ойладым: кәбам айтса дурыс болғаны,
Ол сөйлемес ҳешўақ сөзлерди зыят!

Анамның айтқанын терең уғындым,
Адамларға инақ болдым, жүгиндим,
Өзим жалғыз қалмайын деп жеккелеп,
Журт жығылған жаққа мен де жығылдым.

Жалғызлықта қабырғам көп „сөгилди",
Дос-яран арттырдым, дәртим „төгилди",
Соннан берли мен сүйенген жақсылар,
Көтерисип келер аўыр жүгимди!

Дурыс екен: „көп түкирсе көл болар",
Көп жүрсең соқпақ та гүзар жол болар,
„Жалғыз аттың шаңы шықпас" дегенди
Басынан өткен соң айтқан бабалар!

## ПЕРЗЕНТ

Мениң ушын бүгин байрам,
Қәлбимде,
Әжайып туйғылар сиресип атыр.
Ашылыса бермес адам
Тегинде,
Күлкиниң себеби де болады, ақыр...
Таңланба сен, достым, маған,
Қайтама
Қуўанышымды бөлис,
Мен боп күл бүгин!
Инам етсем егер саған,
Қайтарма,
Жақсы жырды,
Жүрегимниң дүрсилин!
Мениң ушын бүгин бәҳәр,
Жайнаған,
Биргелки күнлериң
Бири емес бул,
Айып емес мәслигине
жылаған,
Бүгин қыялыма
Жәҳән толған гүл!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таңланба сен, достым, маған,
Қайтама
Усын күлип, гүллеринди атаған,
Куўанбаса адам қосық айтама,
Перзент көрдим мен де, бүгин атаман!

## ЖАҚСЫЛАР ҲӘМ ЖАМАНЛАР

Жақсының жүрсем қасында,
Жаздың гүлиндей жайнайман,
Жаманның жүрсем қасында,
Жаўын көрмей жаўрайман!

Жақсылар болса қасымда,
Бүлбилдей еркин сайрайман,
Жаманлар болса қасымда,
Жарылып кете жазлайман!

Жақсының жүрсем қасында,
Ашылып зейним, тасаман,
Жаманлардан ҳаслында,
Қорқаман, көрсем қашаман!...

Жақсыларға жантассам,
Мен де кушақ ашаман,
Жаманлар—гөззал турмыста,
Кийимге ерген „ошаған"!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕКИ ПИОНЕРДИҢ ЕРЛИГИ

*Поэма*

### 1

Бул ўақыя Украинаның
Бир аўылында болған еди,
Бираз жерин гүл мәканның,
Душпан басып алған еди.

Бизге мәлим, жаўыз Гитлер—
Елге „шақырылмаған қонақ".
Ойы: бас ийсе Советлер,
Бар байлығын алыў тонап...

Азат, еркин халықларын,
Қул етпекши, гүң етпекши.
Сел-сел төгип инсан қанын,
Ҳарам нийетке жетпекши!

...Поезд жолдың дәл түбинде,
Қалаға да бираз жақын,
Мол бийдайы менен, елге
Аўыл еди, жайған даңқын!

Фрицлердиң отряды,
Аўылға кеп, кирген ўақта
Бул жердиң ер адамлары
Қашып кетти тоғай жаққа!

Тек аўылда қалғанлары—
Кемпир-ғарры, бала-шаға.
Штаб болды мектеп жайы,
Мийрими жоқ душпанларға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзи қанға толған душпан,
Ҳеш кимди де аяған жоқ.
Жерлеринде басып алған,
Бийбастақлық иследи көп...

Жазығы жоқ адамларды,
Атты, сабап азаплады;
Үйин өртеп, болса малы,
Сорамастан тартып алды.

Олар усы ауылда да,
Тинтип шықты ҳәмме үйди,
Мектеп қасы, алаңлыққа,
Зордан ауыл халқын жыйды...

Кемпир-ғарры, ҳаял-баллар —
Тек сондағы жайғанлары,
Жүзинде журттың ашыў бар,
Қыйнап турған намыс-ары!

Жуўан мойын бир офицер
Миңгир-миңгир сөйлеп атыр.
Көпшиликке абай етер,
Өзлерин ол санап батыр!

Русшаға оның сөзин
Сатқын Егор аўдарып тур.
Түлки яңлы тутар өзин,
Бурынғы аўыллық доктор.

Саўдагерлик еткени ушын—
Қымбатына дәри сатып—
Буннан саррас бир жыл бурын
Кетип еди ол қамалып!...

Бүгин болса душпанлардың,
Айланыпты „қуйрығына".
Аўыл халқы тур таң қалып,
Сатқынның бул қылығына.

Офицерге жағынбақшы,
Жалтаң-жалтаң қарар оған.
—Жоғал, сатқын!—деп бақырды,
Макар ғарры шетте турған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйлеп турған жуўан мойын,
Ашыўланды бирден қатты.
—Партизансыз сизлер бәриң,
Атаман,—деп лалаў қақты!

Адамлардың арасында,
Пионерлер анаў турған.
Сыбырласар әсте ғана,
Светлана менен Иван.

Офицердиң сөзлеринен
Уқты олар көп нәрселер:
Үш күннен соң усы жерге
Душпанның бир полкы келер!

Староста болған Егор
Оныдағы уғып алды.
Партизанлар билсе, егер,
Қуўанбай ма, бул хабарды?!

Ҳәмме сам-саз, жыйналғанлар,
Әсте-ақырын тарап жатты.
Бизге таныс қос пионер
Тоғайлыққа қәдем атты...

Он төрт, он бес шақырымдай,
Узақлықта бир тоғай бар,
Усы жерди көрип қолай,
Қоныс басқан партизанлар.

Иван менен Светлана
Бул тоғайға талай келген.
Қосылысып көп балаларға,
Тоғайдан замаррық терген...

Таныс тоғай, отрядты,
Тапты, шаршап-шалықса да.
Қыс келеди бунда қатты,
Жаўын көп жаўар қысында.

Жетип келди сөйтип олар,
Әҳмийетли хабар алып.
Қуўанысты партизанлар,
Отырысқан ойға талып!



www.ziyouz.com kutubxonasi



Командири отрядтың—
Коля ағай онын аты.
Хабары ушын еки жастың,
Шын жүректен алғыс айтты.

Коля ағай урыстан алдын
Райком Секретары еди.
Орлов дейди фамилиясын,
Бул жерге жақында келди.

II

Партизанлар бир талай бар,
Бираз кемис қолда жарақ,
Қәйткенде де табыў дәркар,
Отырыўға болмас қарап!

Отрядтың мәжилисинде
Қойылды солай мәселе:
—Душпан қанша ҳәўликпесин,
Күшимизди көрер еле!

Аўылда ҳәзир душпан аз,
Бирақ онда оқ-жарақ көп,
Мынаў отырған еки жас
Айтып келди усылай деп...

Душпан полкы келсе қыйын,
Онда жаўда артар тирек,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәзир душпан қуралларын,
Қалайда ийелеўимиз керек!

Командирдиң бул сөзлерин
Мақул дести партизанлар.
Бирақ, керек анық шешим,
Операция қандай болар?!

Ҳәмме тағы ой менен бәнт,
Келе алмай бир жуўмаққа.
Биреў айтты,—келип тур сәт,
Атланайық аўыл жаққа!

Деди киши бир командир:
—„Үлкен жерге“ хабарлайық,
Бәлким оқ-қурал жиберер,
Соған шекем тың-тыңлайық!

Ўазыйпаны аңлады ма,
Иван бала ырғып турды:
—Рухсат ет, Коля аға,
Мен шешейин усы сырды!

Светлана ҳәм Иванға
Жыйналғанлар жалт қарасты.
—Бул кешеги қыз ҳәм бала,—
Деп өз-ара сыбырласты.

Бизге мәлим душпан күши,
Сизлерге әйлесек баян,
Қурал-жарақ склады
Қайда екени де аян!

Светлана биз екеўимиз
Кеше түнде жасырынып,
Кеселхана шарбағынан
Өттик әсте асырылып.

Дәрўазадан кирген туста,
Оң тәрепте бөлек жай бар.
Анық көрдик, тап сол жайда
Сақлаўлы қурал-жарақлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Коля аға, бирақ оны
Ҳийле менен алыў керек,
Таярлап еки шананы,
Үйип сабан салыў керек.

Ақыл керек ҳәр бир иске:
Мәкан етип сабан астын,
Ҳәр шанаға еки-үштен
Партизанлар жасырынсын!

Күндиз душпан солдатлары
Әлле бир жақларға кетер.
Тек аз санлы сақшылары
Склад жайын гүзетер.

Бизди жумса бул сынаққа,
Исенебер, пионермиз!
Сақшыға биз „старостаға,
Сабан керек еди“ дермиз!..

„Ҳасыл тастан, ақыл жастан“,
Журт Иванға танланысты,
—Дурыс пикир, қосыламан,—
Деп командир толып-тасты!...

III

Сабан толы еки шана
Жолға шықты сәске ўақта
Бирин айдар Иван бала,
Ал биринде Светлана!

Түни менен суўық болып,
Жерлер бираз тоназыған,
Шаналар барар бағдар алып,
Аўыл жаққа, гүзар жолдан.

Иван мысал дийхан улы,
Олпы-солпы кийимлери.
Ыңылдап, гә ысқырады,
Арбакештей көптен бери.

Светлана да барар еркин,
Сада, аўыл қызы қусап.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Арасында шуў-шүўлейди,
Шанадағы атты қыстап.

Ҳешким жоқта нәзер салып,
Қарап қояр әтирапқа.
Аўыл шетине араласып,
Жетип келди песин ўақта.

Алда штаб, оннан соңы—
Қурал-жарақ склады.
Елестирмес Иван оны,
Ыңылдап, гә ысқырады.

Сақшы ҳайран: бул не шана,
Сабан бизге неге дәркар?
Қолына мылтығын ала,
Бақырды ол:—Эй, тоқтаңлар!

Иван болса айбынбастан,
Бақырды,—аш!—деп,-дәрўазаны;
—Староста бизге айтқан,
Мынаў Егордың сабаны!

„Староста... Егор, Егор"—
Сақшының тек түсингени.
Иван ым менен билдирер.
„Малына керек" дегенди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сақшы түсиндиме деймен,
Дәрўазаны ашты кеңнен.
Кирип келди иркилместен
Еки шана ишке теңнен!

Жаўдың тағы бир сақшысы,
Складтың аўзын баққан.
—Тоқта, кейин тарт арбаны.—
Деп, жууырып келди шаққан.

Усы ўақта шарбақ иши
Сатыр-сутыр бола қалды.
Шана қасы гүл қураллы
Партизанға тола қалды!

Көзди ашып жумғаншелли
Зор ҳәдийсе болып өтти:
Қарсыласқан еки сақшы
Демде „о дүньяға" кетти!

Партизанлар қулпын бузып,
Қурал-жарақ турған жайдың,
Керегинше қурал алып,
Айдап кетти шаналарын!...

IV

Партизанлар, қос пионер
Жеңис пенен қайтып келди.
Енди қурал тегис жетер!
Командирге айтып келди.

Коля ағай еки жасқа
Өз улындай қушақ ашты.
—Душпанның өмири қысқа,—
Дегендей, ай нурын шашты.

Алда шайқас, ертең кешге
Партизанлар жолға шықпақ,
Жумсап қуралын өзине.
Душпанларды гөрге тықпақ!

...Жаслар мәлим, жеңис ушын
Үлес қосқан талай ғана.



www.ziyouz.com kutubxonasi



Өлимге тиккен өмирин,
Соның бири—Светлана.

Тағы бири—тапқыр Иван,
Ақыллы, дәўжүрек бала,
Перзентлерин шын қаҳарман
Алғыслайды Ўатан—ана!

Өңирин орденлер безеген
Урыс ветеранлары көп.
Болсаңыз егер көрген,
Бирин есаплаң Иван деп.

Әне, анаў—Светлана,
Тағып алған Алтын жулдыз,
Миннетдар бәрҳа оларға,
Бахыт қушқан ҳәр бир ул-қыз.

Миннетдар бәрҳа оларға,
Мынаў заман, нурлы қуяш.
Биз барамыз айдын жолда,
Тынышлыққа ашып қулаш!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


Ол Ленин еди . . . 3
Ўатан . . . 3
Мениң даўысым . . . 4
Теңеў . . . 5
Тилек . . . 5
Мәнзилге атландым . . . 6
Инсан мийнети . . . 6
Әрманларым . . . 7
Уллы сөз . . . 8
Сәлемнама . . . 10
Анамыз бар қаҳарман . . . 10
Шығамыз екшембиликке . . . 11
Карта алдында . . . 13
Салыкешлер . . . 14
Еки күнделик . . . 15
Қурдаслар . . . 15
Өжетлик . . . 16
Китап . . . 17
Адамлар . . . 18
Саяра . . . 18
Бизиң аўыл . . . 20
Үкем жети жаста . . . 21
Мениң атам . . . 22
Кишкене сазенде . . . 23
Көзим қыймайды . . . 23
Январь . . . 24
Саўға . . . 25
Нөкисимниң келбети . . . 25
Шәўкиллдейди жүрегим . . . 26
Күш қосылар күшиме . . . 26
Бир ғарры бар . . . 27
Белгилер сөйлегенде . . . 28
Сынақ . . . 30
Үлесим бар . . . 30
Оқыўшылар қәдеси . . . 31
Гүз сүўрети . . . 31
Сүўретши . . . 32
Гүбелек ҳәм бала . . . 32
Ақ қар, аппақ қар . . . 34
„Класс атлаў“ . . . 36
Режим . . . 36




www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким жеген . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
Баласының жууабы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
„Пайғазы“ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
Егизек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
„Пышық-тышқан“ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Жағдайпаз бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Науқаслық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
„Дау“ дағы дау . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
„Тил“ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Жылаудың мәниси . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Жалғыз бала . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Сынап едик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Ашкөзликтиң ақыбети . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Шалағай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
„Паравоз“ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Еки үйдиң баласы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Бизиң класс . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Жақсы баҳа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Ата мәкан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
„Тайыншақ“ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Салақбайдың әдети . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 49
Жораларым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Сырлы ҳәййиў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Сабырлылық ҳаққында . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Анамның ўәсияты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 52
Перзент . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Жақсылар ҳәм жаманлар . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Еки пионердиң ерлиги *(Поэма)* . . . . . . . . . . . . 55



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Кенесбай Айманов**

**МАЛЕНЬКИЙ МУЗЫКАНТ**

*Стихи и поэма*

*Для детей дошкольного и младшего школьного возраста*

Издательство „Каракалпакстан"

*Нукус—1986*

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәмийетлик басламадағы редактор *П. Мырзабаева*
Қарап шығарған *З Бекмуратова*
Художник *М. Бурханов*
Худ редакторы *К. Рейипназаров*
Тех. редакторы *Ж. Досжанова*
Корректоры *Б. Файзуллаева*

ИБ №2682

Терилуге берилген ўакты 29. 04. 86 Басыўға рухсат етилген ўакты 12. 06 86. Қағаз форматы 60x84 1/16 № 2 Көлеми 4,25 баспа табақ 3,95 шәртли баспа табақ 2,7 есап баспа табақ. Заказ 114 Тиражы 3000. Баҳасы 20 т.

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты, 742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9



www.ziyouz.com kutubxonasi